



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE PREZIDAN TRUMP POU PRAN AKSYON FEDERAL KI GLOBAL POU KONBAT NOUVO CORONAVIRUS LA KOUNYE A

Nan [lèt louvri bay Prezidan Trump](#), Gouvènè a mande yon estrateji nasyonal agresif pou tès, fèm ti lekòl ak kapasite lopital pou mas moun pou ralanti ak diminye enpak COVID-19

Mande mendèv Eta a ki pa esansyèl nan zòn sansib yo - Rockland, Westchester, NYC, Suffolk, Nassau - pou travay lakay pandan de semèn

Gouvènè a mande Jij an Chèf la, Janet DiFiore, pou prepare plan pou redui dansite nan sistèm jidisyèl a, ki gen ladan limitasyon pwosedi ki pa esansyèl yo

Konfyè Prezidan SUNY Empire State College, Jim Malatras, avèk preparasyon plan kontenjans yo nan preparasyon pou fèm ti lekòl yo

Mande DMV pou pase nan randevou sèlman pou limite kontak moun ak moun

Li konfime 69 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 729; nouvo ka nan 9 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Prezidan Trump jodi a pou pran aksyon federal global pou konbat nouvo coronavirus la oswa COVID-19 la, ki gen ladan prepare yon estrateji nasyonal agresif pou tès, fèm ti lekòl ak kapasite lopital pou mas moun.

Nan yon [lèt louvri](#) bay Prezidan Trump, Gouvènè a te ankouraje Trump pou deplwaye Kò Enjenyèr Lane Amerikèn lan pou pwofite ekspètiz, ekipman ak pouvwa imen li pou modènize ak ekipe enstalasyon ki egziste yo - tankou baz militè oswa dètwa kolèj yo - pou sèvi kòm sant medikal tanporè. Gouvènè a te mande Prezidan an, atravè Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon maladi (Centers for Disease Control and Prevention), pou otorize eta yo pou sètifye yon pi gwo evantay laboratwa tès ak metòd nan efò pou maksimize kapasite pou idantifye ak izole ka pozitif yo pi rapid. Gouvènè a te mande tou pou gen yon nòm federal inifòm pou lè vil yo ak eta yo ta dwe fèmen komès ak lekòl yo oswa anile evènman yo.

Gouvènè a te mande anplwaye Eta ki pa esansyèl yo nan Rockland, Westchester, NYC, Suffolk, Nassau - zòn sansib aktyèl yo - pou travay lakay yo pandan de semèn. Gouvènè a te mande DMV a tou pou pase nan randevou sèlman pou limite kontak

moun ak moun epi tounen nan lè regilye olye pou yo pase nan lè pwolonje eta a te aplike nan semèn pase yo pou ede redui liy yo.

Gouvènè Cuomo te mande Jij an Chèf la, Janet DiFiore, pou prepare yon plan pou redui dansite nan sistèm jidisyè a, ki gen ladan limite pwosedi ki pa esansyèl yo, san deranje sistèm jistis kriminel la. Gouvènè a te konfyè Prezidan SUNY Empire State College la, Jim Malatras, avèk travay avèk konte yo pou devlope plan kontenjans yo nan preparasyon pou fèmti lekòl, ki gen ladan jan pou bay repa pou nouriti timoun ki vilnerab yo epi asire fanmi yo gen ase aksè ak gad timoun.

"Objektif nou se ralanti pwopagasyon viris la nan yon pousantaj ke sistèm swen sante a ka jere, epi n ap fè sa atravè tès agresif ak gwo pwotokòl distansyasyon sosyal solid. Men vag ki prevwa pou nouvo ka yo menase kraze sistèm swen sante nou an e nou bezwen aksyon nasyonal ki soti kote gouvènman federal la pou rezoud sityasyon k ap grandi rapid la kounye a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Byento, bezwen administrasyon Trump lan pou lokalize tès yo, federalize fèmti yo epi bay Kò Enjenyèr Lame a pou elaji kapasite lopital. Pandan yon lòt fwa mwen vle raple moun yo ke reyalyte yo pa jistifye nivo anksyete ki deyò a, n ap kontinye travay sere avèk chak nivo gouvènman an pou redui enpak viris la ak pwoteje sante piblik la."

Finalman, Gouvènè a te konfime tou 69 lòt ka nouvo coronavirus, sa ki bay yon total 729 ka konfime nan Eta New York. Nan total 729 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte Albany: 8 (3 nouvo ka)
Konte Broome: 1
Konte Delaware: 1
Konte Dutchess: 7 (3 nouvo ka)
Konte Erie: 3
Konte Greene: 2 (2 nouvo ka)
Konte Herkimer: 1
Konte Monroe: 2
Konte Montgomery: 1 (1 nouvo ka)
Konte Nassau: 98 (5 nouvo ka)
Vil New York: 329 (29 nouvo ka)
Konte Orange: 6
Konte Putnam: 2 (2 nouvo ka)
Konte Rockland: 13
Konte Saratoga: 3
Konte Schenectady: 2
Konte Suffolk: 47 (6 nouvo ka)
Konte Tioga: 1
Konte Tompkins: 1
Konte Ulster: 5
Konte Westchester: 196 (18 nouvo ka)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)